



**E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

## **PERTEMUAN KE-3**



### **LAKON “WAHYU PURBA SEJATI”**

**(Pathet Nem)**

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

# LAKON “WAHYU PURBO SEJATI”

---

[Ki Mujaka Jakaraharja]

**Disusun oleh**  
**Tim Dosen Prodi S-1 Seni Pedalangan**

Berisi materi pertemuan ke-dua dalam perkuliahan Mata Kuliah Pakeliran Gaya Pokok II Prodi S-1 Seni Pedalangan ISI Surakarta. Materi yang diberikan ialah Jejer Ageng sampai dengan adegan gapuran-kedhatonan.

## **PENGANTAR PERKULIAHAN**

**Kemampuan akhir** Mampu menguasai dan memperagakan garap unsur pakeliran secara mantap dan benar.


**Materi** Adegan Paseban Jawi sampai dengan Budhalan.

**Pengalaman belajar** Mahasiswa mempraktikkan Adegan Paseban Jawi sampai dengan Budhalan.

**Indikator** Menguasai teknik pakeliran secara mantap dan benar

**Metode pembelajaran :** menyimak penjelasan dalam video tutorial, membaca e-handout, melihat video contoh, mahasiswa mempraktikkan.

**Penilaian :** Praktik dan Hafalan



**Keterangan:**

**Ada-ada Astakuswala Alit, laras slendro patet nem.  
Udawa dientas beberapa saat tampil lagi, dialog**

**HUDAWA:**

Hé hé para wadya ing Dwarawati, nyutra, tamtama, numbak anyar, sarageni, wirabraja, gutuk–api lan haswa–tali, padha rungokna. Ngemban dhawuhing ingkang sinuhun, titi mangsa iki nedya tedhak mring Astana Gadamadana, umiring gustimu ing Mandura. Awit saka iku para wadya kadhawuhan siyaga dhiri sawéga ing gati, hangurmati jengkaré gustimu ingkang sinuwun. Beciké para wadya kapantha–pantha, sapérangan rumeksa praja, sagolongan ndhèrèkaké tedhaking sang nata tumeka jabaning kutha, déné sabagéyan manèh padha mirantiya gagamaning yuda, samangsa ana bebaya aja nganti madal-sumbi.

**PRAJURIT:**

Kawula nuwun hangèstokaken dhawuh.

**HUDAWA:**

Bocah kusumantali kinèn ngabah-abahi turangga ngrakiti kréta minangka titihané gusti-gustimu, aja nganti ana kang kuciwa.

**PRAJURIT:**

Sawanci-wanci bidhal boten nguciwani sadaya sampun samapta.

**HUDAWA:**

Yèn wis padha miranti padha lèrèna sawatara dak munjuk atur.

**Keterangan: Ada-ada Astakuswala Ageng, *Udawa tampil, dialog.***

**HUDAWA:**

Gusti, mugi kawuninganana, pra wadya sampun sami siyaga, sawanci-wanci bidhal rinaos boten nguciwani.

**BALADÉWA:**

He Samba, mangsa bodhoa budhaling wadya, pangiraku luwih prayoga lamun wadya Dwarawati kang dadi cucuking laku.

**SAMBA:**

‘Inggih sendika Wa aji, Wa Patih Hudawa, aja nganti tundha bima budhaling wadya tumuli nembanga tengara, sapisan dandan, kaping pindho nglumpuk, lan kaping telu budhal.

**HUDAWA:**

Nuwun inggih sendika ngestokaken dhawuh.

**Keterangan: Ada-ada Budhal Mataram, Udawa dientas, pocapan.**

## **POCAPAN**

Surak ambal-ambalan bendhé munya mangungkung,  
bidhaling wadya pan yayah wrahat bala.

**Keterangan:**

- ***Lancaran Wrahatbala, laras sléndro pathet manyura.***
- **Prebawa, Pragota, Setyaki, Samba dan Baladewa, dibedhol, dientas ke kiri.**
- **Budhalan: solah baku gerak dasar semester I sampai dengan kapalan.**
- **Tampil Gajah dan Baladewa.**  
**Gendhing suwuk, ada-ada Srambahan Gajah laras slendro patet nem, pocapan.**

## **POCAPAN BALADEWA NITIH GAJAH**

Wauta, sampun bidhal para wadyabala saking  
Negari Dwarawati myang Mandura. Kantun sajuga  
nenggih Narendra Mandura Prabu Baladewa, Sri  
Balarama, Halayuda, Kakrasana, Kusumawalikita, ya  
Wasi Jaladara. Arsa tindak mring Astana Gadamadana,  
ngagem busana kaprajuritan sangkep samudayanira

kawuryan dahat respati. Gagah prakosa digdaya sembada ingayuda.

Samana Sri Baladewa wus dhawuh kinen nyamektakaken titihanira dwipanga seta awasta Kyai Puspadhenta. Sanajan awarni gajah, nanging dudu sabaene gajah. Gajah: tegese kang sugih polah, yaiku gajah alasan; Hasti: tegese gajah yen tinuju tinungangan; Dwirata: tegese yen nuju meta; Dwiradha: tegese gajah kang darbe siyung kalih, gajah lanang kang duwe gadhing kalih kiwa tengen pindha siyung; Waniti: tegese yen nuju den planani mrabot busana kinarya kekirab upacara; matengga: tegese yen nuju binekta cangkrama; Dwipangga: tegese kang ngunjuk kaping kalih kaserot ing tlalene, laju tinaman ing cangkeme; Samaja: tegese kinarya umangsah ing peperangan; Gajahmuka: tegese gajah pengarep kang tinungangan ing buta, katelah aran gajah ngamuk; Brajamuka: tegese gajah ngamuk kang miranti gegaman; Liman: tegese yen lumaku sukune katon lima, dene kemlawening tlale pindha suku. Ateges Aliman, dene kewan semono gedhene datan mangsa daging

lumuh gendhak sikara ing liyan; Gathamuthu: tegese methuthuk pindha gumuk.

Mangkana kyai Puspadhenta wus mangarsa siyaga tinitihan, binusanan abra mubyar. Palana bludru abang, rinenda mas cineplok ing sesotya. Gadhing cinathok kancana silih asih, sirah tinutup ing kopyah bludru rinenda mas pinathik ing kancana sesotya. Sakalangkung asri endah Kyai Puspadhenta, yen sinawang saking mandrawa nganti kaya gunung kembang rajabrana mancawarna.

Dhasar Kyai Puspadhenta gajah sekti mandraguna, hanggung ginulang ginala-gala ing ngulig. Limpad pasangring grahita, datan pae kadi janma manungsa. Pawakan sembada, isi weweg singset. Karosane linuwih, tautate den angсахake ing palagan tan pasah kinrocok ing gegaman. Pengamuke mbebayani, mungsuh kang katrajang mesthi sirna mawut.

Mangkana Prabu Baladewa asung sasmita, tanggap Kyai Puspadhenta tandya anjerum samapta den titihi. Dupi wus siyaga gya lumampah gleyah-gleyah gedruging suku kadi mbelah-mbelahna bantala.

**Keterangan:**



**Gending srepeg, Baladewa naik Gajah salah dua sekaran. Suasana kayon terus tancep kiri atas. Gending seseg, tampil Rampogan terus tancep. Gending suwuk, ada-ada srambahan, dialog.**

**Prajurit 1:**

Alon kanca, mandheg dhisik, mandheg dhisik.

**Prajurit 2:**

Iki ana apa, kaya dudu kawulaning ratu, mènèhi aba-aba waton aba, ora nganggo caraning prajurit. Nganti sing ngarep mandheg buri ngangseg, iki ana apa?

**Prajurit 3:**

Sarèh kanca, marga gugup nganti ngilangaké èngétan. Kang njalari kandheg ing barisan ora liya grumbul ngarep ngébacki dalan. Sajaké papan iki arang ditambah jalma, pangiraku akèh kéwané galak, yèn nganti kurang prayitna bakal mbebayani.

**Prajurit 4:**

Yèn ngono beciké bali waé, golèk dalan sing ora runggut.

**Prajurit 1:**

Bali piyé ta kuwi, kathik kaya bocah cilik, ana rubéda sethithik waé banjur bali. Apa njaluk dilorot kalungguhanmu apa piyé?

**Prajurit 2:**

Dilorot piyé ta iki, mung bali golèk dalan sing apik waé kok arep dilorot.

**Prajurit 3:**

Oooo 'ca, 'ca, kebangeten nggonmu ora weruh ing udur. Mesthiné kowé kudu éling yèn prajurit kuwi kawengku ing tatanan, ora mung sakarepé dhéwé. Dadi yèn kowé bali tanpa antuk dhawuhing gustimu, apa ora jenengé nyengkah tatanan?

**Prajurit 4:**

Hla witikna, dalané ora kena ditambah ngono!

**Prajurit 1:**

Mula aku kowé didadèkaké pengarep iki, perluné ana rubéda sawanci-wanci bisa ngrampung, ora kok malah bali dalan.

**Prajurit 2:**

Apa ya wis mesthiné yèn prajurit kuwi dandan-dandan dalan?

**Prajurit 3:**

Hlaaa rak saya nggonmu wuta ing sesurupan. Mangka panguwasa negara wis dhawuh rambah-rambah, supaya sénapatining praja bisa manunggal lan tunggalan lawan para kawula ing désa-ngadésa. Kajaba mimbuih raket rapet nggoné srawung, aku lan kowé kadhawuhan mbiyantu bot-karépotané, hiya ing babagan katentreman ya ing bab pembangunan, uga ing babagan undhaking susurupan dimèn para kawula gumrégah rasané temah tanpa kaparéntah gelem tumandang kang piguna tumraping bebrayan ora mung

mikolèhaké kabutuhané dhéwé. Kang mangkono sranané aku lan kowé kudu cancut kanthi sepi ing pamrih ramé ing gawé. Bisané gawé ènthènging jebibahan kang mesthiné dadi kuwajibané para kawula ing désa-ngadésa. Ya ‘mbuh gawéyan apa waé, waton bisa mbiyantu murih beciking bebrayan, aku lan kowé kabèh ora kena sélak. Lèrègé para kawula ora darbé rasa wedi lamun sesandhingan lan para sénapati prawiraning praja. Mujudaké manunggal lan tutunggalan rapet raket ing lahir tekan batiné.

#### **Prajurit 4:**

Hiya ca yèn ngono aku manut priyé rigenmu.

#### **Prajurit 1:**

Mula ayo padha nyawisaké pécok, pacul, kudhi, trantang, linggis, kléwang, pedhang aja kari, kang rawé-rawé dirantas, kang malang-malang diputung, lemah ledhok diurug kang mandhukul dipapras.

#### **Prajurit 2:**

Hiya ca kobètna ngarep tak sesegné mburi; hayo, hayo,  
mara, mara!!!

**Keterangan: Srepeg, laras sléndro patet nem. Perang  
ampyak, dengan vokabuler menurut contoh.  
Suasana kayon, gending suwuk, Patetan  
Kedhu, pocapan.**